

**ANALISA PANGARUH DROMOLOGI KANA ROBAHNA SUDUT
PANDANG DINA DIAJAR NGANALISA ARTIKEL KRITIK JEUNG ESEY
PIKEUN SISWA KELAS XII SMK PRAKARYA INTERNASIONAL TAHUN
AJARAN 2022/2023**

ku

**EGA MUTIARA AMANTA
NPM 185030024**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan téh dimotivasi ku lobana siswa anu ngalaksanakeun plagiat dina prosés diajar, utamana dina migawé pancén jeung ujian. Hal ieu dilantarankeun ku kurangna pamahaman siswa sarta dirojong ku kamajuan internet kalayan informasi anu lengkep jeung serba aya. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta: pikeun ngébréhkeun pangaruh dromologi ka siswa kelas XII SMK Prakarya Internasional dina pangajaran ngaanalisa artikel kritik jeung éséy; pangaruh dromologi kana perspéktif siswa kelas XII SMK Prakarya Internasional; ogé manggih solusi ngeunaan dampak dromologi ka siswa dina diajar ngaanalisa artikel kritik jeung éséy pikeun kelas XII SMK Prakarya Internasional. Métonde anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métonde kualitatif kalawan téhnik analisis data modél Miles jeung Huberman. Data anu dimeunangkeun nyaéta jawaban lembar gawé siswa dina pangajaran ngaanalisa artikel kritik jeung éséy, hasil kuesioner, jeung hasil wawancara. Simpulan tina ieu panalungtikan nya éta: 1) pangaruh dromologi ka siswa dina nganalisis artikel jeung karangan kritis nya éta siswa anu hayang gancang ngaréngsékeun ngagarap lembar gawe jeung siswa anu internetan pikeun manggihan jawaban kalawan gampang jeung gancang; 2) pangaruh dromologi kana parobahan sudut pandang siswa nya éta parobahan tujuan atikan siswa, nya éta indit ka sakola pikeun néangan peunteun luhur jeung ijazah tanpa ngutamakeun pamahaman jeung hakekat prosés diajar; jeung 3) solusi pikeun ngungkulan pangaruh dromologi ka siswa dina diajar nganalisa artikel kritik jeung éséy dina wangun plagiat nya éta méré pamahaman plagiat ka siswa, milih métonde pangajaran anu bener, jeung ngamaksimalkeun Gerakan Literasi Sekolah (GLS).

Kata konci: *dromologi, sudut pandang siswa, kritik jeung éséy*